



# REZIME BIDJÈ KI REKÒMANDE POU ANE 2025

JWENN PLIS ENFÒMASYON SOU: [BUDGET.BOSTON.GOV](http://BUDGET.BOSTON.GOV)

Pandan de (2) dènye sik bidjè a, nou te konsantre nou sou kisa fanmi yo bezwen pou fè pwogrè. Nou te investi nan resous ki nesese pou sipò nan aksesibilite, rezilyans ak ekite atravè katye yo. Ane sa a, nou ap evesti pou nou ofri bon jan kalite sèvis nan Vil la, amelyore pwosesis ki la deja, epi elaji aksè a pou atenn plis fanmi yon fason ki pi efikas. Bidjè nou rekòmande pou ane 2025 la fèt sou pwogrè solid nou ap fè pou Boston kapab yon kay pou tout moun, epi kote nou reponn ak bezwen kominote yo, epi rèv yo kapab vin reyalyte.

*Michelle Wu*  
Majistra Michelle Wu

**BIDJÈ FONKSYÒNMAN  
POU ANE 2025**

**CAPITAL PLAN  
POU ANE 2025-2029**

**\$4.6B      \$4.7B**

## ENVESTISMAN AN GEN LADAN L:

### Ogmantasyon Aksesibilite

**\$3M**

Nan kad efò nou ap fè pou asire chak rezidan Boston kapab kontinye rele Vil la, lakay yo, bidjè ki pwopoze a envesti nan pwogram lojman tankou, bon pou lojman ki abòdab, èd pou lwaye, ak sipò ipotèk pou moun ki se pwopriyetè kay, ak pwogram pou anpeche moun vin sanzabri. Anplis, bidjè a sibvansyone yon nouvo Housing Acquisition Opportunity Fund (Fon pou Opòtinite pou Achte Kay), epi li bay yon sibvansyon anplis pou èd pou lojman ak efò pou dekarbonizasyon. Epi Boston's City Planning Department (Depatman Planifikasyon Boston) ap konsantre nan mete sou pye devlopman pou aksesibilite, rezilyans ak ekite nan Boston.

### Sekirite ak Sante Piblik

**\$2.8M**

Efò nou fè pou asosye sante piblik ak sekirite piblik pou kreye konfyans nan kominote a te pèmèt nou elaji sèvis yo bay plis rezidan ki nan nesosite. Ane sa a, nou ap ogmante kantite EMT yo nan lide pou amelyore tan repons nan apèl yo pou ijans medikal atravè Vil la. Nou ap envesti nan sante manman ak sante ti bebe pou konbat disparite nan kesyon sante, epi elaji sèvis pou vizit nan kay yo pou tou fanmi Nwa ki gen ti bebe. Epitou, nou ap kontwole itilizasyon sibstans ak moun ki sanzabri atravè lojman ki gen pa twò chè, tretman, ak ekip mobil atravè vil la.

**\$155M**

nan Capital Plan

Nou ap amelyore sekirite nan ri nou yo pandan n ap retrase mak ki atè yo pou machin pase yo ak twotwa yo pou fè pwomosyon mobilite ak sekirite.



# REZIME BIDJÈ KI REKÒMANDE POU ANE 2025

JWENN PLIS ENFÒMASYON SOU: [BUDGET.BOSTON.GOV](http://BUDGET.BOSTON.GOV)

## Jèn ak Fanmi

**\$20.5M** Investisman nou mete nan bidjè nou pwopoze a ap ede Boston vin pi bon kote nan peyi a pou leve yon fanmi. Pou jèn aprenan nan Boston, nou ap investi nan bon jan kalite ansèyman ak aprantisaj atravè investisman ki baze nan lekòl ki bay edikasyon enklizif, tankou sipò anplis pou elèv ki gen bezwen espesyal yo ak aprenan Anglè. Pou rezidan ki gen tout laj, ogmantasyon finansman pou fèt sou katye yo, avèk amelyorasyon k ap kontinye fèt nan pwosesis aplikasyon an. Konsa, li ap pi fasil pou rezidan yo konstwi kominote nan katye yo.

**\$1.3B** Sipò pou Etablisman Piblik nan Boston ki gen klas mondyal  
nan Capital Plan

**\$150.5M** Nou ap fè investisman nan fason timoun yo ap viv lè yo pa nan salklas la tou.  
nan Capital Plan Investisman sa a sipòte reparasyon pisin ak renovasyon etablisman BCYF ak BPS, ansanm ak yon nouvo konstriksyon pou Fields Corner Library ak Grove Hall Community Center.

## Espas Vèt ak Klima

**\$1.14M** Yon pwèn esansyèl nan Nouvo Kontra pou Espas Vèt nan Boston se asire yo travay nou ap sipòte klima, fason moun viv, ak jistis moun ki sou katye a pou rezidan yo. Investisman sa a sipòte preparasyon pou ijans pou rezistans nan kesyon klima, li fè mizajou nan plan aksyon sou klima nou an, epi li amelyore fason moun viv nan katye nou yo pandan y ap pran swen pou plis pase 35,000 pye bwa nan lari yo. Epi, n ap bay espas vèt nou yo priyorite, yon pati enpòtan pou fè Boston vin pi vèt, vil ki pi byen adapte pou fanmi nan Etazini se lè n ap investi nan pèsònèl ak ekipman anplis pou jere ak kenbe Franklin Park.

**\$90.6M** Li mobilize resous ki nan eta a ak federal pou fè planifikasyon ak konstriksyon litoral rezilyan, epi li sipòte amelyorasyon pou ajoute karakteristik enfrastruktir vèt nan pwojè konstriksyon lari nou yo. Sa ki pral pèmèt nou amelyore jesyon dlo lapli ak enpak zile chalè yo. Sibvansyon anplis ki sipòte reparasyon ak rekonstrikasyon Clifford Playground.

## Ofri Sèvis Eksepsyonèl nan Vil la

**\$3.9M** Bidjè nou pwopoze sa a ogmante aksè epi amelyore pwosesis nou yo pou asire ke Vil la ap kontinye bay sèvis ki gen bon jan enpòtan nan katye nou yo. Epi, nou fè modènizasyon nan sèvis tradisyonèl Vil la pandan n ap finanse yon pwojè pilòt sou kontennè pou mete fatra, epi ki fè pwomosyon pwòpte nan katye Boston. Epi, n ap amelyore sèvis debaz ki gen nan Vil la, tankou make kote pou moun mache atè a, siyal trafik ak pakin, retire grafiti, ak ekipman pou sèvi pwòp tèt ou nan branch libreri yo.

## Fè Pwomosyon Pou Ekite ak Opòtinite Ekonomik

**\$7.8M** Avansman ki fèt nan kesyon ekite epi asire tout kominote Boston yo konekte ak opòtinite ekonomik se yon bagay enpòtan pou fè Boston pi bon vil pou fanmi ki gen jounen jodi a ak pou jenerasyon k ap vini yo. Investisman sa a finanse divès kalite pwogram atravè Office of Workforce Development (Biwo pou Devlopman Travayè). Epi, nou ap ogmante bidjè pou Equity & Inclusion Cabinet (Kabinè Ekite ak Enklizyon) an, epi l ap fèt sou angajman administrasyon nou an pran pou transfòmè politik ak pwogram vil la, konsa chak rezidan kapab gen aksè ak sèvis Vil la epi fè pwogrè, atravè chak katye.